


NaMutungamiri
Thomas S. Monson



Maropafadzo eKuteerera

“**C**hidzidzo chikurusa chatinokwanisa kudzidza muupenyu huno hwenyama,” Mutungamiri Thomas S. Monson vakadzidzisa, ndechekuti apo Mwari paVanotaura uye isu toteerera, nguva dzose tinozoi-ta zvinhu kwazvo.”¹

Tinozoropafadzawo. Sokutaura kwakaita Mutungamiri Monson panguva yemusangano mukuru uchangopfuura: “Apo patinochengeta mirairo, upenyu hwedu hwunozova hune rufaro, hunonyanya kugutsa, uye husina zvimhinga-mupinyi zvakananyanya. Zvimhingamipinyi nenhamo dzedu zvinozova nyore kutakura, uye tinozotambira maropafadzo akavimbiswa a[Mwari].”²

Muzvitapwa zvinotevera zvinobva mudzidziso dzaMutungamiri Monson, seMutungamiri weChechi, vanotiyeuchidza kuti mirairo ndiyo nhungamiri yechokwadzi kurufaro nerunyararo.

Nhungamiri dzeRwendo

“Mirairo yaMwari haisi inopihwa kutikangaidza kana kuti ive zvidziviro kurufaro rwedu. Asi chokwadi ndechekuti haitikangaidzi kana kudzivira rufaro rwedu asi kutoti inotibatsira kuruwana. Iye wakatisika uye unotida zvakarurama anoziva chaizvo mararamiro atinofanira kuita upenyu hwedu kuitira kuti tiwane rufaro rukurusa zvinokwanisika. Akatipa nhungamiri idzo, kana tikadzitevera, dzinotitungamira zvakanaka nemuupenyu huno hwenyama uhwo kazhinji huzere nenjodzi huru. Tinoyeuka

manzwi erwiyo runozikanwa: “Keep the commandments! Umu mune dziviro; umu mune runyararo’ [ona “Keep the Commandments,” *Hymns*, no. 303].”³

Simba neRuzivo

Kuteerera mucherechedzo wehunhu hunowanikwa muvaporofita vose; kwakavapa simba neruzivo nemu-makore ose. Zvakakosha kwatiri kuti tizive kuti isu, pamwepo, tinekodzero yenyuko iyi yesimba neruzivo. Inowanikwa zvirinyore kune mumwe nemumwe wedu nhasi apo patinoteerera kumirairo yaMwari. . . .

“Ruzivo urwo rwatinotsvaka, mhinduro idzo dzatinoshuvira zvikuru, uye simba ratinoda nhasi kuti tisangane nezviedzo zvepanyika panonetsa kunzwisisa uye panochinja nguva dzose zvinokwanisa kuva zvedu apo patinoteerera nechido kumirairo yaIshe.”⁴

Sarudza Kuteerera

“Wirirano yenguva dzedu ndeye mwoyo murefu wokingotambira zvose. Mamagazini nemitambo yepaterevhi-zheni zvinotaridza vanhu vanembiri mumafirimu, nyanzvi dzemitambo yemakwikwi—avo vanofarirwa nevehidiki vazhinji vavanoda kutevedzera—vachionekwa sevanhu vasingateereri mitemo yaMwari uye vanoita tsika dzeupi zviripachena, zvichiratidza sezvisina mugumisiro wakaipa. Musazvibvuma kuti hakuna mubairo wakaipa wechivi! Kune nguva iyo yatichatongwa—kunyangwe yakaita

sekuenzaniswa kwesamhu dzeakaunzi. Munhu wega wega anenguva yake yekuyerwa—kana isiri muupenyu huno, zvino iri muupenyu hunotevera. Zuva Rokutongwa richauya kuna vose. . . . Ndinoteterera kunemi kuti musarudze kuteerera”⁵

Mufaro neRunyararo

Zvingangoratidzika kwamuri pane dzimwe nguva kuti avo vari munyika vari kunakidzwa kupinda zvamuri kuita imi. Vamwe venyu mungangonzwa semurikudzi-virirwa kuita zvakanwanda nemwero wemaitiro uyo isu tiri muChechi watinotevedzera zvakanwanda. Mabhuratha nemasisita angu, ndinotaura pachena kwamuri, zvisinei, kuti *hakuna* chimwe chinokwanisa kuunza rufaro rwakawedzwa muupenyu hwenyu kana runyararo rwakawedzwa kumweya yedu kupinda Mweya uyo unokwanisa kuuya kwatiri apo tinotevera Muponesi nokuchengeta mirairo.”⁶

Fambai Zvakarurama

“Ndinopupura kwamuri kuti maropafadzo edu akavimbiswa anopfuura mwero wekuyerwa. Kunyangwe zva-zvo makore emvura zhinji akaungana, kunyange mvura ikatinaya nesimba: ruzivo rwedu rwevhangeri uye rudo rwedu rwaBaba vedu Vokudenga nerweMuponesi wedu zvinozotinyaradza nokutitsigira uye nokuunza rufaro kumoyo yedu apo patinofamba zvakarurama nokuchengeta mirairo. Hapazovi nechinhu munyika muno chinokwanisa kutikurira.”⁷

Teverai Muponesi

“Aiva ani uyu Murume wokusuwa, wakaziva kurwodziwa kukurusa kwewafirwa? Ndianiko uyo Mambo wokubwinya, Jehova wehondo? Ndiye Tenzi wedu. Ndiye Muponesi wedu Mwanakomana waMwari. Ndiye Muva-mbi weRuponeso rwedu. Anodaidza, ‘Nditevere.’ Anoraira, ‘Endai, mundoita saizvozvo? Anoteterera, ‘Chengetai mirairo yangu.’

“Ngatimutevere. Ngatitevere muenzaniso Wake. Ngatitevere mashoko Ake. Nokuita kudaro, tinopa kwaAri chipo chehumwari cherutendo.”⁸

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “They Marked the Path to Follow,” *Liahona*, Gumi. 2007, 5.
2. “Keep the Commandments,” *Liahona*, Mbudzi. 2015, 83.
3. “Keep the Commandments,” 83.
4. “Obedience Brings Blessings,” *Liahona*, Chivabvu 2013, 90, 92.

5. “Believe, Obey, and Endure,” *Liahona*, Chivabvu 2012, 129.

6. “Stand in Holy Places,” *Liahona*, Mbudzi 2011, 83.

7. “Be of Good Cheer,” *Liahona*, Chivabvu 2009, 92.

8. “Finding Joy in the Journey,” *Liahona*, Mbudzi 2008, 88.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Monson vanotidzidzisa pamusoro pamaropafadzo akawanda atinokwanisa kutambira kuburikidza nokuteerera, anosanganisira simba, ruzivo, rufaro, nerunyararo. Funga kubvunza avo vaunodzidzisa kuti vakaropafadzwa sei nokuchengeta mirairo. Ungangovakurudzira kuti varambe vachifungisisa pamarapafadzo avo uye vanyore pfungwa dzavo nezviritiko zvavo mujenari. Ungangodawo kuvakurudzira kuti vataridze rutendo kuna Mwari nokuda kwemaropafadzo avo nokuramba vari vanoteerera.

VECHIDIKI

Moto neZvidzidzo zveKuteerera

Mutungamiri Thomas S. Monson paneimwe nguva vakambotaura pamusoro penguva iyo yavakadzidza kukosha kwekuteerera. Apo pavaiva nemakore masere okuzvarwa, mhuri yavo vakashanyira imba yavo yemapango mumakomo. Ivo neshamwari yavo vaida kukura chinzvimbo chaiva neuswa kuti vagovesa moto. Vakaedza kudzura huswa nemaoko vachikakata noku-gwinha nesimba rose ravaikwanisa, asi zvose zvavakakwanisa kudzura zvaingova zvitsama zvidiki zveuswa. Mutungamiri Monson vakatsanangura, “Zvino ipapo izvo zvandakafunga kuti zvaiva mhinduro yakanakisa zvakauya mupfungwa dzangu dzemakore masere. Ndakati kuna Danny, ‘Zvatinofanira kuita chete kupisa sora iri nemoto. Tinongo *pisa* denderedzwa musora!”

Kunyangwe zvazvo vaiziva kuti vakanga vasingabvumidzwi kushandisa machisi, vakamhanyira kuimba yemapango kundatora machisi, uye ivo naDanny vakavesa moto mudiki munzvimbo iya yaiva neuswa. Vaitarisira kuti uchadzima voga, asi wakazokura kuita moto mukurukuru unenjodzi. Ivo naDanny vakamhanya kunotsvaga rubatsiro, uye nenguva diki vakuru vakanga vomhanya kuenda kunodzima moto uyu usati wasvika kumiti.

Mutungamiri Monson vakaenderera, “Danny neni takadzidza zvidzidzo zvakaoma zvakanwanda asi zvakanakosha musi iwoyo—kunyanza chidzidzo chekukosha

kwekuteerera.” (Ona “Kuteerera Kunounza Maropafadzo,” *Liahona*, Chivabvu 2013, 89–90.)

SaMutungamiri Monson, wakambodzidza here chidzidzo chokuteerera kuburikidza nemubairo wekusateerera. Ndezvipi zvinangwa zvaunokwanisa kuita kuitira kuzvidzivirira kubva munjodzi kuburikidza nokuteerera mune ramangwana.

VANA

Sarudza Chakanaka

Kusarudza chakanaka kunotiunza pedyo naBaba Vokudenga naJesu Kristu. Kunotibatsirawo kuva vanofara uye vakadzivirirwa. Tenderedza nzira dzaunokwanisa kusarudza nadzo chakanaka.

Kubiridzira muchikoro

Nzvera Magwaro Matsvene

Enda kuchechi

Tamba mitambo yakanaka

Irwa nevana vamai vako

Shandira vamwe



Mhuri Yakagadzwa naMwari

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa "Mhuri: Chiziviso kuNyika" kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

"Mumanzwi e[rwiyo rwePuraimari], 'The Family Is of God,' . . . tinoyechidzwa nezve dzidziso tsvene," akadaro Carol M. Stephenes, Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hukuru hweChita cheRubatsiro. "Tinodzidza kwete chete kuti mhuri ndeya Mwari asiwo kuti mumwe nemumwe wedu chikamu chemhuri yaMwari. . . .

". . . Chirongwa chaBaba kuvana Vavo chirongwa cherudo. Chirongwa chokubatanidza vana Vavo—mhuri Yavo—Navo."¹

Gosa L. Tom Perry (1922–2015) veChikwata cheVaApostora vane Gumi neVaviri vakati: "Tinobvumawo kuti mhuri dzakasimba idzo dzaizikanwa kubvira kare (dzina baba, mai nevana vavo) hadzingori idzo zvikamu zvakakosha zvekugara kwevanhu kwakatsiga, upfumi hwenyika hwakatsiga, uye mwero wetsika dzakanaka nedzakaipa wakatsiga—asi kuti ndidzowo zvikamu zvakakosha zvekusingaperi uye zveumambo nehurumende yaMwari.

"Tinobvuma kuti hurongwa nehurumende yekudenga zvichavakwa zvichitevedzera mhuri nemhuri

huru dzinosanganisira zvizvarwa zvadzo zvose²

"Munhu wese, zvisinei nemamiriro ezvinhu emuchato wavo kana huwandu hwevana vavo, vanokwanisa kuva vadziviriri vechirongwa chaIshe chakatsanangurwa muchiziviso chemhuri," akadaro Bonnie L. Oscarson, Mutungamiri Mukuru weVasikana veChidiki. "Kana chiri chirongwa chaIshe, chinofanirawo kuva chirongwa chedu!"³

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Dzidziso neZvibvumirano 2:1–3; 132:19

Dzidziso yeMhuri

Sisita Julie B. Beck, vaimbova Mutungamiri Mukuru weChita Chorubatsiro, vakadzidzisa kuti dzidziso yemhuri yakamisirwa paKusikwa, Kuputsika, uye paRudzikinuro rwaJesu Kristu:

"Kusikwa kwepasi kwakapanzvimbo iyo mhuri dzinokwanisa kurarama. Mwari vakasika murume nemukadzi avo vaiva zvidimbu zvakaenzana zviriri zvakakosha zvemhuri. Chaiva chikamu chechirongwa chaBaba Vokudenga kuti

Adamu naEva vasunganidzwe uye vamise mhuri yekusingaperi.

". . . Kuputsika kwakaita kuti vakwanise kuva nevanakomana nevanasikana.

"Rudzikinuro [rwaKristu] runobvumira mhuri kuti dzisinganidzwe pamwechete nokusingaperi. Runobvumira mhuri kuti dzive nekukura neururami nekusingaperi. Chirongwa chorufaro, icho chinodaizwawo kuti chironga cheruponeso, chaiva chirongwa chakaskirwa mhuri. . . .

". . . Iyi ndiyo yaiva dzidziso yaKristu. . . . Kana pasina mhuri, hapana chirongwa; hapana chikonzero cheupenyu huno hwenyama."⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Carole M. Stephens, "The Family Is of God," *Liahona*, Chivabvu 2015, 11, 13.
2. L. Tom Perry, "Why Marriage and Family Matter—Everywhere in the World," *Liahona*, Chivabvu 2015, 41.
3. Bonnie L. Oscarson, "Defenders of the Family Proclamation," *Liahona*, Chivabvu 2015, 15.
4. Julie B. Beck, "Teaching the Doctrine of the Family," *Liahona*, Kurume 2011, 32, 34.

Funga Izvi

Sei mhuri iri chikamu chakakoshesesa munguva ino nomukusingaperi?